# Bıyılǵı oqıw jılınan baslap, akademiyalıq dem alıs alǵan studentler oqıwdı dawam ettiriwi múmkin boladı

Bıyılǵı oqıw jılınan baslap, akademiyalıq dem alıs alǵan studentler oqıwdı sırtqı, keshki, onlayn formalarǵa ózgertiwi hám dawam ettiriwi múmkin boladı. Bul haqqında Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń málimleme xızmeti xabar berdi.

Bunda:
-Qaramaǵında/shańaraǵında nawqasqa qarawı kerek bolǵan studentler;
-densawlıǵı sebepli oqıwǵa keliw imkaniyatı bolmaǵan studentler;
-densawlıǵına bola úyde qalıwı kerek bolǵan hámiledar hayal studentler;
-balası bar jas ana studentler;
-áskeriy xızmetke ketiwi kerek bolǵan studentler hám basqa da tiykarlı sebep kórsetken studentler akademiyalıq dem alıs alıwı múmkin boladı.

Ótken dáwirdegi akademiyalıq dem alıstan házirgisiniń parqı sonda, student oqıwdan shetletilmeydi.

Onıń ushın student bilim alıp atırǵan joqarı oqıw ornı rektorınıń atına akademiyalıq dem alıs alıwǵa sebep bolǵan faktordı kórsetken halda arza jazadı hám maǵlıwmat (spravka) usınadı.